

Komite Lekòl
Vil Boston An

Memorandòm Akò
Sante ak Sekirite pou Re-ouvèti AS21-22

Sendika Pwofesè Boston

22 Septanm 2021

Bi ak Priyorite Negosyasyon BSC

- Ankouraje yon anviwònman aprantisaj ak travay sekirite ak akeyan pou tout elèv ak anplwaye yo.
- Asire koperasyon konplè de BTU a avèk Politik Vil Boston sou Vaksinasyon oswa Tès Depistaj Covid-19.
- Negosye yon akò ki jis ak ekitab pou manm BTU yo ak pou manm lòt inite negosyasyon nou yo.
- Kreye yon modèl re-ouvèti ki responsab fiskalman ak dirab.

Anfaz MOU yo

- BPS pral founi PPE apwopriye yo (mask, gan ak wòb) konfòmeman ak direktiv DESE.
- BPS pral enstale ak jere anrejistre done kalite lè nan tout sal klas yo.
- Anplwaye BPS yo pral genyen opòtinite pou yo patisipe nan pwogrem tès depistaj an gwoup la. Si gen anplwaye ki devlope sentòm pandan jounen an, BPS pral founi tès depistaj rapid nan lekòl yo avèk bi kenbe plis anplwaye nan bilding nan pou yo sèvi elèv nou yo.
- BPS pral kontinye ap rapòte ka pozitif yo selon lekòl sou sit wèb BPS la.
- BTU dakò pou aksepte Politik Vil Boston an sou Verifikasyon Vaksen oswa Tès Depistaj Obligatwa pou Covid-19.
- Manm BTU yo pral resevwa jiska dis jou konje peye pou maladi ki gen rapò ak Covid. Si yon manm BTU ki vaksine fin sèvi ak konje sa, epi apre sa li teste pozitif pou Covid, yo kapab resevwa jiska dis jou an plis pou yo rekipere de viris la.

Opsyon Komite Lekòl

1. Vote pou apwouve MOA a epi Lekòl Piblik Boston yo pral vanse avèk aplikasyon.
1. Rejte MOA a epi pati konsène yo pral retounen nan negosyasyon.